



Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Konesans Sitiyasyon an



Lè nou di yon moun dwe konnen sitiyasyon an, sa vle di li dwe atantif epi li dwe gen kontwòl alantou l, li dwe rekonèt menas potansyèl yo, epi li dwe konprann kijan pou li reyaji yon fason ki efikas. Sa vle di tou, ou dwe prezan, epi ou dwe konnen sa k ap pase alantou w pou nou kapab an sekirite, ou menm ak lòt moun.

1. Rete Prezan

Evite Distraksyon: Mete limit nan kantite fwa w ap itilize telefòn ou epi evite distrè lè w deyò an piblik.

Ou Dwe Atantif: Prete atansyon ak moun, aktivite, ak anviwònman alantou ou.

2. Fè Ensten w Konfyans

Diferans ant Pa an sekirite ak Malalèz: Konprann diferans ki genyen ant lè w santi w pa an sekirite ak lè w senpleman santi w malalèz.

Aji: Si gen yon bagay ki pa nòmal oswa li reprezante yon danje, pran sa oserye epi aji kòmsadwa.

3. Obsève Antouraj Ou

Obsève Aktivite ki pa Abityèl: Prete atansyon ak aktivite, son oswa mouvman ki pa abityèl yo.

Chèche Remake Konpòtman ki Enkyetan: Prete atansyon ak konpòtman ki sanble pa nòmal oswa ki posib reprezante yon danje.

4. Ankouraje Sekirite Kominotè

Evite Fè Sipozisyon: Pa kalifye moun antanke menas senpleman paske yo diferan.

Valorize Diferans yo: Rekonèt diferans ant moun ap ede w ranfòse ak rann kominote a pi djanm epi sa ap ajoute pèspektiv valab nan mitan yon kriz.



Ou Dwe Atantif

- Pa bese tèt ou epi gen kontwòl antouraj ou.
- Chèche gen kontwòl pwèn sòti ak kote ki pwoteje yo nan ka yon ijans.

Kominike

- Pataje nenpòt sousi w genyen konsènan konpòtman ki pa abityèl oswa ki enkyetan ak lòt moun.
- Siyale aktivite ki sispèk yo bay otorite ki apwopriye yo.

Edike Tèt Ou

- Aprann konsènan risk komen nan sa k gen pou wè ak sekirite nan anviwònman w.
- Rete enfòm apwopo pwotokòl sekirite ak pwosedi ijans yo.

Responsabilite Pataje

- Kenbe youn lòt an sekirite se yon efò kolektif. Tout moun jwe yon wòl nan kenbe anviwònman nou an rete an sekirite.
- Lè nou gen kontwòl antouraj ou epi w pwowaktif, nou ka bati yon kominote ki pi an sekirite epi ki plis sipòte tout moun.

Konesans sitiyasyon se yon bagay ki enpòtan pou sekirite pèsònèl ak kominotè. Lè w prezan, lè w fè ensten w konfyans, lè w asepte diferans opinyon epi lè w obsève espas alantou w, ou kontribiye nan kreyasyon yon anviwònman ki pi an sekirite. Se pa sèlman pou pwoteksyon pa w; se pou pwoteksyon tout moun.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Rekonèt Konpòtman ki Enkyetan yo



1. Chanjman nan Konpòtman

- Chanjman britsoukou/ekstrèm nan atitud, pèsonalite, oswa entèraksyon sosyal.
- Gwo chanjman nan pèfòmans pwofesyonèl (anplwa) oswa akademik (lekòl).
- Deranjman nan woutin chak jou yo.

2. Siy Retrè Sosyal oswa Izolasyon

- Retrè fas ak entèraksyon sosyal.
- Evite zanmi, fanmi, oswa aktivite abityèl yo.

3. Konpòtman Agresif ak Entimidasyon

- Ap demontre yon agresyon vèbal oswa fizik.
- Ap itilize langaj ki entimidan oswa vyolan.

4. Konpòtman Manipilatif

- Izole yon moun ak sistèm sipò sosyal li.
- Fè tantativ pou kontwole aspè nan lavi yon lòt moun.

5. Menas ak Entimidasyon

- Fè menas oswa angaje nan konpòtman ki fè anpil moun ki alantou li pè.
- Modèl entimidasyon oswa presyon.

6. Prete Atansyon

Entèvansyon Alavans: Lè nou rekonèt yon konpòtman ki enkyetan alavans, nan moman apwopriye a, sa ki kapab ede nan prevansyon pou sitiyaasyon danjere.

Konstwi yon Kominote ki pi an Sekirite: Lè nou montre nou atantif epi nou gen senpati anvwè moun ki gen konpòtman enkyetan, nou kapab rive bati yon kominote ki pi solid epi ki ofri plis sipò bay moun ki ladan l yo.



Konsèy

Obsève

- Prete atansyon ak chanjman konpòtman, atitud, ak entèraksyon sosyal.
- Remake siy retrè sosyal, agresyon, oswa konpòtman manipilatif.

Koute

- Koute sa moun ap di ak kijan y ap kominike.
- Chèche konnen si gen kòlè, langaj ki entimidan oswa vyolan.

Pataje Obsèvasyon

- Siyale sa w obsève atravè yon dezi sensè pou ede, san okenn jijman.
- Kominike sousi w genyen ak otorite apwopriye yo.

Anpati ak Sipò

- Gras ak anpati ak sipò, nou kapab ede nan evite domaj epi nou ka travay pou konstwi yon kominote kote tout moun an sekirite epi yo gen priyorite.

Konsantre yon Fason ki baze sou Konpasyon

- Konstwi yon kominote kote konpasyon se priyorite a ede nan kreye yon anviwònman ki pi an sekirite epi ki plis sipòte tout moun.

Kompòtman ki enkyetan yo se aksyon oswa konduit ki deranje poutèt yo ka lakòz sitiyaasyon danje oswa vyolans. Rekonèt konpòtman ki enkyetan yo se yon bagay ki enpòtan anpil pou anpeche vyolans epi asire sekirite kominote a. Lè nou rete vijilan, lè nou montre konpasyon, epi lè nou pataje obsèvasyon nou yo, sa ka ede nou kreye yon anviwònman kote tout moun kapab jwenn sipò epi viv an sekirite.





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Itilize Konpreyansyon ak Anpati pou Konbat Rayisman



Aksyon ak ka rayisman vize moun oswa gwoup moun selon ras, gwoup etnik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap oswa lòt karakteristik. Ka sa yo kapab pran plizyè fòm, tankou diskou, asèlman, diskriminasyon, esklizyon sosyal, vandalism ak vyolans.

1. Rekonèt Enpak la

Fòm Rayisman: Rayisman kapab eksprime atravè pawòl, asèlman, diskriminasyon, esklizyon sosyal ak vyolans.

Kategori Vyolans: Vyolans fizik ak sikolojik kapab lakòz gwo domaj.

Pa Janm Fòt Viktim nan: Li enpòtan pou n konprann pèsòn pa dwe blame viktim yo pou vyolans yo sibi.

2. Konprann ak Demontre Anpati

Motivasyon Dèyè Aksyon yo: Eseye konprann rezon ki fè moun ap fè zak rayisman oswa vyolans se yon mwayen ki kapab louvri pòt pou dyalòg ak edikasyon.

Pouvwa Anpati: Anpati ak konpreyansyon se zouti ki pisan pou konbat rayisman ak pou ankouraje chanjman pozitif nan kominote a.

3. Aji

Siyale ka: Toujou siyale nenpòt aksyon rayisman ou remake antanke temwen. Siyale yon move zak esansyèl pou ankouraje sekirite ak byennèt nan kominote a.

Konsantrasyon Kominotè: Lè nou konsantre n sou konpasyon ak konpreyansyon, nou ka bati yon kominote ki pi an sekirite epi ki plis sipòte tout moun.



Konsèy Prete Atansyon

Rete Angaje: Prete atansyon ak sa k ap pase toutotou w epi rete atantif.

Note Detay yo: Lè w temwen yon bagay ki rive, eseye sonje detay enpòtan yo tankou deskripsyon ak nati bagay ki rive an.

Siyale Ka yo

Siyale a Tan: Siyale ka sa yo yon fwa sa posib bay otorite apwopriye yo.

Bay Enfòmasyon: Pataje tout enfòmasyon enpòtan yo sa ki kapab ede moun abòde sa k pase an yon fason ki efikas.

Sipòte Viktim Yo

Ofri Sipò: Montre anpati epi sipòte viktim yo. Fè yo konnen yo pa poukont yo.

Dwa pou Siyale: Raple viktim yo dwa yo genyen pou yo siyale sa ki rive an epi pou yo chèche èd.

Pran nouvel: Se pa tout moun ki santi yo an sekirite pou entèvni nan moman an. Pran nouvel yon viktim apre yon bagay rive pou w konn kijan li ye.

Edikasyon ak Dyalòg

Angaje nan Konvèsasyon: Ankouraje konvèsasyon lib sou ankouraje respè ak konpreyansyon anndan kominote a.

Edike Lòt: Pataje enfòmasyon ak resous sou enpòtans anpati, enklizyon, ak goumen fas ak zak danjere, enpòtans anpati ak enklizyon.

Zak rayisman lakòz fè moun ak kominote a mal an jeneral. Lè nou rekonèt enpak la, lè nou konprann motivasyon yo, lè nou pran mezi, epi lè nou ankouraje senpati, nou kapab kreye yon kominote kote konpasyon ak sekirite tounen yon priyorite.

Aprann Plis: UVM.EDU/VVPP





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Vyolans ant Patnè Entim (Intimate Partner Violence, IPV)



Lè yon di Vyolans ant Patnè Entim oswa IPV nan lang anglè, sa vle di yon konpòtman anndan yon relasyon entim ki lakòz dega fizik, sikolojik, oswa seksyèl sou moun ki nan relasyon sa a. IPV se yon pwoblèm grav ki kapab gen efè ki dire lontan sou byennèt yon moun.

1. Rekonèt Siy yo

Kategori IPV: IPV oswa Vyolans ant Patnè Entim kapab se ka vyolans fizik, ka abi emosyonèl, ka vyolans seksyèl, ak konpòtman manipilasyon.

Siy Avètisman: Chèche siy tankou blesi ki pa gen eksplikasyon sou kijan yo fè fèt, viktim nan ki absan souvan nan travay oswa lekòl, chanjman pèsonalite, ak izolasyon parapò ak zanmi ak fanmi.

2. Konprann Enpak la

Efè Fizik: IPV oswa Vyolans ant Patnè Entim ka lakòz blesi, doulè kwonik, pwoblèm dijestif ak lòt pwoblèm sante fizik.

Efè Sikolojik: Viktim IPV oswa Vyolans ant Patnè Entim yo souvan santi anksyete, depresyon, PTSD, ak lòt pwoblèm sante mantal.

Enpak Sosyal ak Ekonomik: Vyolans ant Patnè Entim kapab lakòz izolasyon sosyal, pèt travay, ak enstabilite finansye epi sa kapab siyifi viktim yo bezwen plis sipò ak resous nan kominote a.



Konsèy

Prete Atansyon

Edike Tèt Ou: Aprann plis konsènan diferan fòm IPV ak siy yo pou pi byen konnen lè yon moun kapab ap sibi abi nan relasyon li.

Rete Atantif: Prete atansyon ak chanjman konpòtman oswa aparans ki ka endike gen IPV.

Aji

Siyale Abi: Si ou temwen yon ka vyolans ant patnè entim (IPV) oubyen ou sispèk yon moun ap sibi abi, siyale sa bay otorite konpetan yo, epi di viktim nan ou te fè sa si ou kapab.

Ofri Resous: Pataje enfòmasyon sou abri lokal yo, liy asistans yom ak gwoup sipò yo. Toujou montre w pare pou koute paske moun ki nan relasyon k ap sibi abi yo souvan konn izole tèt yo.

Ankouraje Moun Rete Atantif

Sansibilize: Pale sou vyolans ant patnè entim nan kominote w ap viv la pou sansibilize ak redui diskriminasyon ki mache ak vye zak sa a.

Ankouraje Konvèsasyon Lib: Ankouraje yon anviwònman kote moun santi yo an sekirite pou yo pale sou eksperyans yo ak jwenn èd.

Vyolans ant Patnè Entim se yon pwoblèm grav ki gen enpak sou anpil moun ak kominote. Lè nou rekonèt siy, lè nou konprann enpak la, lè nou ede viktim yo, epi nou pran mezi, nou ka travay pou evite ka IPV epi nou ka ede moun ki viktim IPV yo.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Rekonèt Kriz yo



1. Konprann Kriz

Wòl kominotè: Nou chak gen yon wòl enpòtan nan ankouraje ak sipòte sante mantal tout manm nan kominote a.

Prete Atansyon: Rekonèt siy kriz sante mantal oswa siy oto-agresyon se premye etap nan bay èd.

2. Rekonèt Siy yo

Chanjman nan Aparans: Chanjman nan ijyèn, rad oswa aparans jeneral ou kapab remake byen rapid.

Chanjman Konpòtman: Reyaksyon emosyonèl ki dwòl oswa egzajere, retrè nan entèraksyon sosyal, agresyon, oswa viktim nan ki sou kont lòt moun pou kèk aspè nan lavi l.

Rediksyon Pèfòmans: Gwo chanjman britsoukou nan pèfòmans pwofesyonèl (anplwa) oswa akademik (lekòl), viktim nan pa kapab angaje l.

Antesedan Familyal: Konesans antesedan oto-agresyon nan mitan fanmi an oswa pwoblèm sante mantal yo kapab enpòtan.

Siy Avètisman Emosyonèl: Ekspresyon santiman tankou se yon chay ki sou do viktim nan, anbarasman piblik ki resan oswa gwo santiman lawonte oswa "kritik enteryè", reyaksyon emosyonèl ki pa apwopriye.

Konsomasyon Sibstans Toksik: Plis oswa nouvo ka konsomasyon sibstans toksik kapab yon endikatè apwopriye.

Konpòtman Preparasyon: Aksyon tankou viktim nan k ap fè kado afè l, k ap eseye rezoud pwoblèm li, epi ekri yon testaman kapab endike gen yon kriz.



Konsèy

Aksyon Imedya

Si yon moun gen plan, mwayen ak entansyon pou swiv l oswa touye yon moun, chèche jwenn èd imedyatman.

Pataj Resous

Bay enfòmasyon sou resous lokal pou sante mantal, liy jesyon kriz, ak gwoup sipò.

Kreye yon Anviwònman Sipò

Ankouraje konpreyansyon, konpasyon, ak sipò anndan kominote w lan konsènan sante mantal ak konsomasyon sibstans toksik.

Enfòmasyon Kontak

Liy Telefòn Pou
Prevansyon Suisid:
9-8-8

Liy Tèks Mesaj pou Moman Kriz:
Voye mesaj tèks VT to nan 741741
(sipò 24/7)

Sèvis Ijans: Rele 911

Lè nou rete vijilan epi nou rekonèt siy kriz sante mantal oswa siy oto-agresyon, nou kapab kreye yon kominote ki sipòte ak sekirize tout moun.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Konpòtman Menasan



1. Konprann enpòtans

Wòl kominotè: Nou chak la nou jwe yon wòl enpòtan nan sekirite kominote nou an.

Prete Atansyon: Rekonèt konpòtman menasan se yon bagay ki enpòtan nan prevansyon dega potansyèl.

2. Idantifye Konpòtman Menasan an

Menas Vèbal: Prete atansyon ak langaj ki sanble menasan oswa sispèk, kit se langaj pale kit se langaj ekri (pa egzanp, imèl, tèks, rezo sosyal). Sa gen ladan l tou menas klè, modèl menas sou fòm "blag", menas imedya ki pa klè (egzanp "Ou gen pou w regrèt")

Entimidasyon Fizik: Menm si pa gen kontak fizik, konpòtman agresif tankou yon moun ki plonje oswa k ap rele sou yon lòt kapab se yon menas.

3. Reyaji fas ak Menas yo

Bay Sekirite Pwiorite: Toujou asire w an sekirite fizikman an premye.

Ret tann epi gade: Petèt gen yon moun konpòtman li fenk kòmanse enkyete w, men ou pa gen ase enfòmasyon pou entèveni. Chèche modèl zak ki lakòz konpòtman dezòd ki ap vin pi mal yo.

Siyale Sousi w: Yon fwa ou an sekirite, siyale nenpòt konpòtman menasan bay otorite konpetan yo pou yo ka entèveni ak bay sipò.

Anpati ak Konpreyansyon: Si w an sekirite, apwoche moun ki gen konpòtman enkyetan an ak anpati.



Konsèy

Siyale yon Fason Anonim

Itilize zouti kominotè anonim pou siyale yo pou konekte moun yo ak yon ekip ki ap jere pwoblèm yo genyen epi bay yo èd.

Konsantrasyon Kominotè

Konstwi yon kominote ki konsantre sou konpasyon ak konpreyansyon kapab evite konpòtman menasan epi sa kapab kreye yon anviwònman ki plis an sekirite.

Kominikasyon Lib

Ankouraje kominikasyon lib epi poze kesyon ki ankouraje divès repons pou konprann kijan li konprann bagay yo.

Asistans Pwofesyonèl

Mete li an kontak ak asistans pwofesyonèl pou abòde kòz prensipal konpòtman li a.

Pran nouvell

Kèk fwa, moun yo konn vrèman izole tèt yo epi yo konn bezwen sonje gen yon moun k ap panse ak yo.

Enfòmasyon Kontak

Otorite Lokal yo: Pou menas imedya yo, kontakte fòs lòd lokal yo.

Resous Kominotè: Itilize zouti anonim ki disponib yo pou siyale sousi yo epi pou konekte moun ki gen pwoblèm yo ak èd ki la pou yo.

Lè nou rekonèt epi adrese konpòtman menas yo avèk senpati ak konpreyansyon, lè nou angaje nou nan relasyon ki baze sou pran swen moun lè nou pa abandone moun, nou kapab kreye yon kominote ki pi an sekirite epi ki ofri plis sipò pou tout moun.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Pake ki Sispèk yo



1. Enpòtans Vijilans

Wòl kominotè: Tout moun jwe yon wòl enpòtan nan sekirite kominote nou an.

Rete Atantif: Pi bon fason pou nou kenbe youn lòt an sekirite se rete prezan ak atantif.

2. Rekonèt Pake ki Sispèk yo

Endikatè Bagay Sispèk: Enfòmasyon adrès ki pa kòrèk, ekriti ki mal fèt oswa ki defòme, sant dwòl, twòp tenb lapòs, fòm iregilye, bri ki dwòl, epi enfòmasyon sou kilè pake a livre ak ki moun ki te livre li.

3. Mezi pou Pran

Aksyon Imedya: Si yon pake oswa koli lakòz ou enkyete, aji imedyatman.

Rele Otorite yo: Kontakte otorite ki apwopriye yo san w pa louveri oswa modifiye pake a.

4. Konprann Risk yo

Konsekans Potansyèl: Menm si se yon bagay ki ra, gen pake oswa koli ki ka lakòz moun mouri, blese, ak destriksyon pwopriyete.

Konsiderasyon Sib yo: Reflechi si ou menm oswa òganizasyon w lan gen posibilite pou nou se yon sib poutèt vye lide yon moun ka genyen tankou vanjans, diskisyon sou kesyon biznis, chantaj, oswa teworis.

Sekirite Kominotè



Siyale Rapidman

Si w sispèk nenpòt pake oswa koli gen yon bagay ki dwòl ladan l, kit li piti oswa gwo, ou dwe siyale sa a rapidman.

Sansibilizasyon ak Aksyon

Vijilans ou ak entèvansyon rapid ou se pwen enpòtan pou kenbe kominote nou an sekirite.



Lè nou rekonèt epi nou reyaji fas ak pakè oswa koli ki sispèk yo paske nou atantif epi nou aji rapid, nou kapab kreye yon anviwònman ki pi an sekirite pou tout moun.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)



Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Planifikasyon Sekirite



Yon Plan Sekirite abòde divès sitiyasyon tankou pwoblèm moun ap viv nan relasyon difisil, fè fas ak panse yon moun genyen pou fè tèt li mal, enkyetid sekirite pèsònèl, oswa jesyon doulè emosyonèl. Mete sou sa, preparasyon pèsònèl ak patisipasyon ou nan kominote an ap ede w fè fas ak difikilte lavi yo epi y ap ede w prepare w pou sitiyasyon difisil alavni yo, sa ki, an jeneral, kontribye nan yon kominote ki pi solid ak pi an sekirite.

1. Deklannchè ak Siy Avètisman yo

Idantifye faktè pèsònèl ak siy avètisman ki kapab demontre kilè ou bezwen plis sipò yo.

2. Estrateji Adaptasyon

Devlope ak dokimante konpetans adaptasyon yo ansanm ak sitiyasyon ki kapab ede ou jere estrès ak difikilte emosyonèl yo. Si ou gen difikilte pou devlope ak dokimante yo, ou kapab mande èd.

3. Kote ki an Sekirite ak Sipò Sosyal

Ajoute kote ki an sekirite oswa anviwònman sosyal pozitif kote ou kapab jwenn sipò yo. Fè yon lis moun oswa pwofesyonèl ou fè konfyans yo pou kontakte yo nan moman ijans yo.

4. Rezon pou Kontinye Viv

Rekonèt epi fè yon lis rezon w genyen pou w viv yo pou w ka toujou rete motive.

5. Kreye yon Plan pou Moman Kriz

Ki moun ou ta kapab rele nan yon moman kriz pèsònèl? Ki resous oswa sipò w ka chèche jwenn?



Revize regilyèman

Revize ak ajoute plis eleman regilyèman nan Plan Sekirite ou an pou asire li rete apwopriye pou bezwen aktyèl ou yo.

Chèche sipò

Konekte ak zanmi, fanmi, oswa pwofesyonèl ou fè konfyans pou ede w kreye ak rafine Plan Sekirite pèsonalize ou a.

Rekonèt Bezwen Asistans

Chèche sipò pou ou menm montre w gen kouraj ak angajman pou sante ak byennèt ou.

Sipò kominotè

Lè w bay priyorite ak sekirite w epi ak byennèt emosyonèl ou, ou kontribiye nan yon kominote ki plis an sekirite epi ki gen plis sipò.

Konstwi epi kenbe yon Plan Sekirite ap ede nan amelyore rezistans ou epi sa ap pèmèt ou gen resous ak sipò ou bezwen pandan moman difisil yo.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Siyale Enkyetid yo



Se devwa nou antanke gwoup pou nou siyale nenpòt zak vyolans, menas vyolans, oswa enkyetid konsènan yon moun ki ka fè tèt li oswa lòt moun mal. Lè nou rekonèt epi siyale pwoblèm yo alavans, sa pèmèt gen entèvansyon ki fèt a tan, sa ki posib anpeche moun yo oswa lòt moun sibi domaj.

1. Kategori Enkyetid

Enkyetid yo kapab pa toujou klase pa kategori. Yo kapab se menas vyolans, konpòtman dwòl oswa konpòtman ki enkyetan, oubyen nenpòt sitiyasyon ki sanble danjere oswa ki gen posibilite pou vin pi mal.

2. Detay pou Ajoute

Lè w ap siyale yon pwoblèm, bay kantite enfòmasyon ki enfòmasyon ki enpòtan w kapab pou asire gen asistans apwopriye ki bay. Sa gen ladan l konpòtman an, ki rezon ki fè l enkyete w, epi nenpòt kontèks ki asosye ak konpòtman sa a.

3. Kijan Pou Siyale

Apèl Ijans: Itilize sèvis ijans tankou 9-1-1 pou menas imedya yo.

iPhone: Itilize fonksyon ijans SOS la.

Android: Itilize fonksyon apèl ijans lan.

Siyale yon Fason ki Anonim: Anpil òganizasyon ak kominote ofri zouti anonim pou siyale pwoblèm. Pataje sousi ou atravè kanal sa si ou prefere rete anonim.



Konsèy

Anpati ak Konpasyon

Siyale enkyetid yo ak anpati. Moun w ap enkyete w pou li a kapab ap lite ak pwòp pwoblèm pa l, epi lè w konprann sitiyasyon li, sa ap ede w ba li sipò ki apwopriye a.

Swen Kominotè

Lè w siyale pwoblèm yo, sa demontre ou mete sekirite ak byennèt lòt moun nan kominote w la an premye.

Sansibilizasyon ak Sekirite

Lè nou siyale enkyetid yo, nou kontribiye nan kreye yon anviwònman ki pi an sekirite epi k ap soutni chak moun.

Aprann plis nan **UVM.EDU/VVPP**





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Reyaksyon Aktif fas ak Menas Kouri, Kache, Goumen



Yon menas aktif se nenpòt moun aksyon li yo reprezante yon risk lanmò oswa blesi grav ki imedya, tankou yon moun ki gen zam nan men l epi k ap mache tire lòt moun oswa yon moun ki gen yon zam nan men l. Kantite tan sitiyasyon sa yo dire souvan enprevizib epi jeneralman, yo dire ant 10 a 15 minit.

1. Opsyon Entèvansyon

Kouri: Evakye espas la byen rapid ak yon fason ki byen sekirize. Si w pa kapab evakye imedyatman, chèche yon kote ki an sekirite pou w kache jiskaski w kapab deplase.

Kache: Chèche yon kote ki an sekirite pou pwoteje tèt ou kont danje a. Fèmen tèt ou yon kote si sa posib epi rete kote moun p ap wè w. Rete an silans epi evite fè bwi.

Goumen: Finalman, si ou ap fè fas ak menas la, itilize nenpòt bagay ki disponib pou w defann tèt ou. Itilize zam atizanal oswa nenpòt bagay ki a dispozisyon w pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun.

2. Aksyon Imedya

Verifye, Evalye, Aji: Evalye anviwònman w epi pran pi bon desizyon an selon sitiyasyon an. Pran san w byen verifye espas lan, evalye opsyon ou yo, epi aji dapre sa ki mwens sanble reprezante yon danje a.



Konsèy

Abitye Tèt Ou

- Lè nan yon nouvo anviwònman, chèche konnen kote sòti yo ye, kote pou kache, ak zam ki posib genyen yo.
- Konprann antouraj ou ap ede w pran desizyon pi rapid pandan yon ijans.

Lè Lapolis Rive

- Rete kalm epi suiv enstriksyon yo bay yo.
- Depoze tout bagay ki nan men w, leve men w ak tout dis dwèt ou louveri, epi men w dwe vizib. Evite mouvman britsoukou.

Fòmasyon

- Panse patisipe nan fòmasyon Entèvansyon Aktif fas ak Menas la
- Chèche "FBI Run Hide Fight" sou Google pou plis enfòmasyon ak resous yo.

Konstwi yon kominotè ki pi an sekirite gras ak sansibilizasyon ak preparasyon. Lè nou enfòme ak prepare nou kontribiye nan kreye yon anviwònman ki pi an sekirite ak pwoteje pou toutmoun.

Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)





Pwojè Prevansyon Vyolans nan Eta Vermont Fèmèn li, Lòk li, Pa Louvri l



1. Pratik Sekirite

Fèmèn li: Toujou asire w pòt yo fèmèn lè w ap deplase kite yon chanm oswa yon bilding. Evite moun gen aksè san otorizasyon epi asire espas la toujou an sekirite.

Lòk li: Fèmèn pòt yo epi lòk yo lè sa nesesè. Pwoteje zòn sansib yo epi kontwole aksè nan espas ki gen restriksyon yo.

Pa Louvri l: Pa janm louvri pòt ki ta dwe fèmèn a kle. Asire w gen mezi sekirite ki an plas epi asire w y ap fonksyone byen.

2. Poukisa Sa Enpòtan

Plis Sekirite: Pòt ki lòk ak antre ki fèmèn anpeche moun gen aksè san otorizasyon nan kay ou epi l evite menas potansyèl yo tou.

Sekirite: Lè pòt lakay ou byen fèmèn, sa ede kay ou rete yon anviwònman an sekirite pandan sa ap evite moun ou pa konnen antre sanzatan an nan espas prive.

Responsablite Kominotè: Tout moun jwe yon wòl nan kenbe anviwònman nou an rete an sekirite. Ou dwe pwowaktif nan kijan pou lòk pòt ak siyale nenpòt pwoblèm tankou seri ki kase oswa fenèt ki gen pwoblèm yo.



Konsèy

Siyale Pwoblèm yo

- Siyale nenpòt limyè ki pa fonksyone, pòt ki kraze, oswa fenèt ki demoli imedyatman.
- Siyale pwoblèm yo rapidman ede nou abòde enkyetid sekirite yo epi sa asire yon anviwònman plis an sekirite pou tout moun.

Konstwi yon Kominotè ki pi an Sekirite

- Toujou rete vijilan epi veye tout sa ki nan antouraj ou.
- Fèmèn pòt yo, lòk yo, epi pa kite yo louvri se mezi ki kontribye nan sekirite fizik anviwònman ou an.



Aprann Plis: [UVM.EDU/VVPP](https://uvm.edu/vvpp)